

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Manusa minangka mahluk anu diciptakeun ditarung ku rasa jeung akal salawasna bakal ngajén kana sagala rupa hal nu aya di alam dunya, kaasup dina ngajén lalakon kahirupan lahir jeung batinna. Boh lahir dirina boh lahir papadana. Akal jeung rasa bakal tuluy marengan léngkah paripolah manusa tur ngajadikeun hiji kabiasaan. Kabiasaan nu diwangun atawa didasaran ku akal jeung rasa anu hadé bakal hasil hadé ogé, tapi sabalikna akal jeung rasa dipaké dina jalan goréng poma hasilna ogé bakal goréng. Hadé jeung goréng minangka bagian tina kahirupan nu teu bisa leupas, malahmandar jadi ukuran dina nangtukeun hiji hal. Dina enas-enasna mah kahirupan urang salaku manusa téh kapan nangtukeun tungtung nu mana? Hadé atawa goréng. Hadé jeung goréng téh jadi ukuran, jadi ajén-inajén anu nerap dina dirina séwang-séwangan pikeun papagon nyawang kahirupan satulunya minangka ngalalakon kahirupan di dunya. Ajén-inajén téh aya nu natrat aya ogé anu nyamuni, dibungkus dina karya cipta manusa. Wangun karya cipta manusa téh salah sahijina nyaéta karya sastra.

Dina karya sastra aya prosés kréatif manusa pikeun ngebréhkeun eusi pikiran sangkan jadi tulisan anu bédha pikeun néang jati dirina. Dina prosés kréatif, muncul prosés-prosés imajinatif sangkan ngahasilkeun tulisan anu miboga ajén éstetik. Saluyu jeung pamadegan Aristotélés (dina Koswara, 2011, kc. 4) anu nganggap yén sastra téh mangrupa kagiatan utama manusa pikeun néangan jati dirina, disagigireun ngaliwatan kagiatan séjén saperti agama, élmu pangaweruh, jeung filsafat. Nurutkeun Luxemburg (Koswara, 2011, kc. 4) sastra ogé mangrupa ékspréssi husus anu bisa méré sawangan pasualan manusiawi, sosial, atawa intéléktual.

Minangka bagian tina kasenian, karya sastra mibanda ciri unsur kaéndahan (éstétis). Unsur kaéndahan méré pangaruh ka pamaca saperti bungah, kataji, sarta kasugemaan batin. Lian ti éta, sastra mibanda ajén-inajén pangajaran kahirupan nu mangpaat pikeun hirup kumbuh di masarakat. Nurutkeun Rusyana (dina Sudaryat, 2015, kc. 246) ngajelaskeun yén sastra mangrupa karangan rékaan (fiksi), hasil

rékacipta manusa minangka *ungkapan penghayatan ke dalam wujud bahasa*. Basa dina karya sastra digunakeun pikeun ngahontal ajén-ajén éstétis atawa kaéndahan. Carana tangtu béda-béda, aya nu ngagunakeun purwakati, gaya basa, jeung idiom. Hal ieu téh gumantung kana mangsa diciptana atawa gelarna éta karya sastra.

Patali jeung hal éta nurutkeun Koswara (2011, kc. 2) dumasar kana waktu gumelarna, sastra Sunda dibagi jadi dua bagéan, nyaéta sastra Sunda buhun (klasik) jeung sastra Sunda modern. Dina enas-enasna anu kaasup sastra Sunda buhun nyaéta carita pantun, wawacan, mantra, sisindiran, kakawihan jsb. Ari nu kaasup sastra Sunda modern nyaéta sajak, novel, carpon jeung naskah drama. Salasahiji karya sastra Sunda modéren, nyaéta carita pondok (carpon), dijadikeun obyék ieu panalungtikan. Ari aspek anu dianalisisna nyoko kana ajén budaya, sémiotika, jeung étnopédagogik.

Dina prakna, salah sahiji media pikeun mekarkeun budaya Sunda téh ngaliwatan atikan. Lian ti mibanda fungsi jeung tujuan pikeun ngatik jeung ngadidik, Lembaga Pendidikan mangrupa media pikeun maluruh tur ngalenyepan prosés sarta kamekaran budaya lokal jeung budaya nasional, kaasup budaya global. Lian ti sakola umum (TK/PAUD, SD/MI, SMP/MTs, SMA/MAN/SMK, jeung Paguron luhur) prosés pangajaran sarta prosés mekarna budaya Sunda téh lumangsung di Pasantréń. Pasantréń mangrupa média anu *strategis* dina kahirupan masarakat, sabab pasantréń bisa méré pangaruh anu saenyan ka sakumna masarakat. Lingkungan pasantréń anu has téh saéstuna mah diwangun ngaliwatan rupa-rupa prosés sosial. Salah sahijina nyaéta prosés *kolaborasi* dua budaya anu béda nyaéta Sunda-Islam. Ajén-inajén Sunda ngahiji jeung ajén-inajén kaislamán, silih deudeul jeung silih lengkepan. Budaya Sunda hirup di lingkungan pasantréń, ti mimiti basa minangka alat komunikasi katut kabiasaan-kabiasaan anu hirup di lingkungan masarakat. Nurutkeun Kusdiana (2014, kc. 3) pasantréń mangrupa lembaga pendidikan kaagaman nu pangkolotna. Pasantréń jadi bagian utama dina kagiatan pendidikan, lain baé pendidikan agama. Salah sahiji karya sastra anu ngawakilan kabudayaan Sunda-Islam téh nyaéta *Dongéng Énténg ti Pasantréń* karangan Rahmatullah Ading Affandie (RAF). Lian ti nyaritakeun lingkungan (tempat) pasantréń waé, dina ieu karya téh kagambar ogé kabudayaan jeung kabiasaan-kabiasaan (Sunda) di pasantréń anu kiwari geus arang langka sangkan bisa dikoréhan pikeun bahan pangajaran boh dina kahirupan boh di lembaga atikan.

Konsép diajar saéstuna pikeun maham matéri ajar luyu jeung konteks *contextual learning*, kompleksitas, jeung totalitas. Pangajaran anu diarahkeun sacara *integrated* sangkan peserta didik maham élmu pangaweruh katut nyangking mangpaat pikeun dirina jeung lingkungan sabudeureunna. Carita pondok minangka salah sahiji prodak sastra Sunda nu has dipiharep bisa jadi alternatif bahan ajar pangajaran sastra di SMP. *Dongéng Énténg ti Pasantréñ* mangrupa gambaran kahirupan katut budaya pasantréñ Sunda-Islam nu jarang kakoréh dina kahirupan masarakat umum. Dina enas-enasna mah loba pisan pangajaran kahirupan anu nyampak dina eusi caritana. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “*Dongéng Énténg ti Pasantréñ* karya R.A.F. (Ulikan Ajén Budaya, Sémiotika, jeung Pédagogik) pikeun alternatif bahan ajar sastra di SMP” perlu jeung penting dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Nurutkeun Teeuw (2017, kc. 189) dina wangun karya sastra naon waé, boh sastra buhun boh sastra modéren, dikandung rupa-rupa aspék saperti adegan, eusi, ajén budaya, semiotik, jeung étnopédagogik. Ieu aspék karya sastra téh patali jeung pamarekan sastra saperti pamarekan ekspresif, pamarekan obyéktif, pamarekan mimétik, jeung pamarekan pragmatik. Patalina antara kanyataan jeung rékaan dina karya sastra mangrupa *hubungan dialektik* atawa *bertangga*. Ieu panalungtikan patali jeung pamarekan mimétik, anu nganalisis karya sastra dikaitkeun kana budaya, semiotik, pédagogik, jeung étnopédagogik. Ku kituna, masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan dumasar kana tilu aspék karya sastra anu judulna *Dongéng Énténg ti Pasantréñ* karya R.A.F., nyaéta:

- a. Ajén budaya dina karya sastra, anu ngawengku
 - 1) Hakékat kahirupan manusa (MH);
 - 2) Hakékat karya manusa (MK);
 - 3) Hakékat kalungguhan manusa dina *ruang jeung waktu* (MW);
 - 4) Hakékat manusa jeung alam sabudeureunna (MA);
 - 5) Hakékat manusa jeung papadana (MM).
- b. Aspék sémiotika dina karya sastra, anu ngawengku ikon, indéks, jeung simbol;

- c. Aspék pédagogik dina karya sastra, anu ngawengku:
 - 1) Kaayaan pergaulan jeung kaayaan Pendidikan,
 - 2) Alat Pendidikan;
 - 3) Rupa-rupa alat Pendidikan;
- d. Aspék étnopédagogik dina karya sastra, nu ngawengku:
 - 1) Catur diri insan;
 - 2) Manusa unggul/moral (MAUNG);
 - 3) Gapura panca waluya;
 - 4) Tri-SILAS; jeung
- e. Hasil analisis karya sastra pikeun bahan pangajaran di sakola.

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, aya tilu masalah anu bisa dirumuskeun dina ieu panalungtikan. Éta rumusan téh bisa ditepikeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Ajén budaya naon waé anu nyampak dina *Dongéng Énténg ti Pasantréñ* karya R. A. F?
- 2) Unsur sémiotika naon waé anu nyampak dina *Dongéng Énténg ti Pasantréñ* karya R. A. F?
- 3) Aspék pédagogik jeung étnopédagogik naon waé anu nyampak dina *Dongéng Énténg ti Pasantréñ* karya R. A. F?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan *Dongéng Énténg ti Pasantréñ* karya R. A. F pikeun alternatif bahan pangajaran sastra di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu bagian baris diguar ngeunaan tujuan umum jeung tujuan husus dilaksanakeunna kagiatan panalungtikan.

1.3.1 Tujuan Umum

Dina ieu panalungtikan miboga tujuan umum nyaéta pikeun maluruh jeung ngaguar salah sahiji karya sastra wanda carpon dina jejer lingkungan/budaya pasantréñ.

1.3.2 Tujuan Husus

Dina tujuan husus, ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. Ajén budaya anu nyampak dina *Dongéng Énténg ti Pasantréñ* karya R.A.F.
- b. Unsur sémiotika anu nyampak dina *Dongéng Énténg ti Pasantréñ* karya R.A.F.

- c. Aspek pédagogik jeung étnopédagogik anu nyampak dina *Dongéng Énténg ti Pasantréñ* karya R.A.F.
- d. Larapna hasil panalungtikan pikeun alternatif bahan pangajaran sastra di SMP

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dina ieu bagian baris diguar dua mangpaat panalungtikan, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis dilaksanakeunna panalungtikan.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan karya sastra jeung kabudayaan masarakat Sunda hususna anu patali jeung budaya (Sunda-Islam) di pasantréñ. Ku kituna, ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun paélmuan kajian ajén budaya, sémiotika, jeung pédagogik.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep mibanda mangpaat pikeun panalungtik, nu maca, guru, peserta didik, jeung masarakat umum.

- a. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa nambahana pangaweruh utamana dina widang ulikan ajén budaya, sémiotika, jeung pédagogik dina salah sahiji karya sastra Sunda wanda carita pondok.
- b. Pikeun nu maca, ieu panalungtikan bisa dipaké référensi tambahan dina nyiar pangaweruh, utamana dina widang ulikan ajén budaya, sémiotika, jeung pédagogik dina salah sahiji karya sastra Sunda wanda carpon.
- c. Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dipaké alternatif bahan ajar dina materi aprésiasi carpon dina Mapel Basa jeung Sastra Sunda.
- d. Pikeun peserta didik, ieu panalungtikan dipiharep jadi média tambahan pikeun ngawanohkeun budaya pasantréñ di saluareun lingkungan santri/santriwati jeung bahan ajar aprésiasi carpon.
- e. Pikeun masarakat umum, ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké référensi bacaan sarta ngeuyeuban pangaweruh anyar antara kabudayaan Sunda-Islam.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan disusun dina karya tulis anu ngawengku lima bab, anu rangkay tulisanana saperti ieu di handap.

- a. BAB I BUBUKA, eusina ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika nulis.
- b. BAB II ULIKAN PUSTAKA, anu ngawengku tiori-tiori ngeunaan carpon, ajén budaya, semiotik, pédagogik jeung étnopédagogik.
- c. BAB III METODE PANALUNGTIKAN, eusina ngawengku desain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.
- d. BAB IV HASIL JEUNG PEDARAN, eusina ngawengku analisis jeung déskripsi hasil panalungtikan dipatalikeun kana rumusan masalah. Satuluyna, hasilna dipedar tur dibéré tanggapan.
- e. BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI, eusina ngawengku kacindekan hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi panalungtikan.